



Pou Piblikasyon Imedya: 4/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI PRAL OFRI ASISTANS FEDERAL POU REZIDAN AK BIZNIS YO NAN KONTE CLINTON KE IONDASYON MWA JIYÈ A AFEKTE

Administrasyon Ti Biznis Etazini pral bay prè ki gen to enterè ki ba pou rezidan ak biznis ki elijib yo ke gwo lapli ak inondasyon nan Konte Clinton afekte

Deklarasyon an make egzanp New York nan zafè aksè a finansman atravè pwogram asistans nan ka katastwòf pou kominote riral yo

Sant sansibilizasyon prè pou katastwòf an pèsòn yo pral ouvri nan meri Ellenburg la nan mèkredi 6 desanm

Aplikasyon pou prè yo disponib tou sou entènèt [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) pral ofri asistans federal bay Nouyòkè nan Konte Clinton ke gwo lapli ak inondasyon nan mwa jiyè 2023 te afekte. Rezidan ak biznis nan Konte Clinton kounye a elijib pou aplike pou prè ki gen to enterè ki ba pou ede nan rekipasyon yo apre evènman sa a gras ak yon nouvo pwogram SBA ki ofri èd finansye adisyonèl pou moun ki nan zòn riral yo ke katastwòf yo afekte. Pou premye fwa, New York te jwenn deklarasyon sa a nan kad pwogram federal Asistans pou Kominote Riral nan Ka Katastwòf, ki te siyen mwa jen pase a.

"Konte Clinton te fè eksperyans nivo lapli ak inondasyon istorik nan kòmansman mwa jiyè, ki te afekte ti biznis ak rezidan yo anpil", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Prè ki gen to enterè ki ba sa yo pral ede moun inondasyon te afekte yo rekipere yo epi tounen sou pye yo. Administrasyon mwen an angaje l pou l asire Nouyòkè ki soufri anba men move tan ka jwenn tout asistans federal posib".

Lwa federal Asistans pou Kominote Riral nan ka Katastwòf yo otorize SBA pou l senplifye pwosesis pou yon gouvènè mande yon deklarasyon SBA nan ka katastwòf nan konte riral yo. Dapre nouvo pwogram sa a, yo ka fè yon deklarasyon SBA avèk yon sèl pwopriyete ki andomaje nan yon zòn riral lè konte a te resevwa yon Deklarasyon Gwo Katastwòf pou Asistans Piblik, men se pa Asistans Endividyèl. Administrasyon Ti

Biznis Etazini an te detèmine Konte Clinton te elijib pou nouvo pwogram nan epi li pral mete disponib prè ki gen to enterè ki ba pou biznis ak moun ki afekte yo.

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare", An jiyè, pwopriyetè kay ak biznis atravè Konte Clinton yo te sibi domaj akòz gwo lapli ak inondasyon ki te afekte pifò nan eta a. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, ak nouvo pwogram Asistans pou Kominote Riral nan Ka Katastwòf SBA a, Nouyòkè yo nan Konte Clinton pral kapab kounye a jwenn aksè nan prè ki gen to enterè ki ba yo bezwen pou sipòte rekiperasyon yo".

Soti 9 rive 10 jiyè, gen kèk pati nan North Country ki te resevwa plizyè pous lapli nan yon peryòd tan ki kout, ki te lakòz inondasyon devastatè, wout fèmen ak enfrastrikti ki andomaje. Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te mande ajans Eta yo pou yo prepare resous pou repons pou ijans epi pou yo rete an kominikasyon ak gouvènman lokal yo. Gouvènè a te deplwaye resous pou katastwòf nan zòn ki afekte yo pandan tanpèt la t ap deplase atravè eta a, sa gen ladan anplwaye Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ki te travay pou ouvri otowout ak pon yo nan Eta a. Apre tanpèt la, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la ak Konte Clinton te reyalize yon evalyasyon konplè sou domaj tanpèt la te lakòz. Nan dat 22 jiyè, Gouvènè Hochul te anonse apwobasyon yon Deklarasyon Gwo Katastwòf pou Konte Clinton, Dutchess, Essex, Hamilton, Ontario, Orange, Putnam, ak Rockland, ki te jwenn asistans finansye federal pou bay gouvènman lokal yo, tribi ak òganizasyon san bi likratif yo finansman pou eliminasyon debri, mezi pwoteksyon ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti.

Gwoup ki annapre yo nan Konte Clinton gen dwa kalifye kounye a pou prè SBA nan ka katastwòf:

- Mèt kay yo: jiska 200,000 dola pou repare rezidans prensipal yo.
- Mèt kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare oswa ranplase byen pèsònèl yo ki andomaje oswa kraze.
- Pwopriyetè biznis yo: jiska 2,000,000 dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf avèk Dega Ekonomik jiska 2,000,000 dola pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

SBA ap kreye yon Sant Sansibilizasyon pou Prè nan Ka Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) pou ede Nouyòkè yo aplike an pèsòn pou asistans nan:

- **Town of Ellenburg Town Hall**, 13 Brandy Brook Road, Ellenburg Center, NY 12934

DLOC la ap ouvri mèkredi 6 desanm a 11:00 a.m. Lè sant lan ap fonksyone se 9:00 a.m. – 6:00 p.m. Lendi-Vandredi; Samdi 10:00 a.m. – 2:00 p.m. epi l ap fèmen nan dimanch. Reprezantan Sipò Kliyan yo ap disponib pou ede aplikan yo ranpli aplikasyon an epi reponn kesyon sou pwogram prè pou katastwòf SBA a. Sant lan pwograme pou l fèmen vandredi 22 desanm.

Yo ka soumèt aplikasyon pou prè nan ka katastwòf yo sou entènèt atravè Pòtay Prè MySBA a nan <https://lending.sba.gov>. Aplikan yo ka rele tou Sant Sèvis pou Kliyan SBA a nan 1-800-659-2955 oswa voye yon imèl bay disastercustomerservice@sba.gov.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekomunikasyon yo.

Yo ta dwe voye pa lapòs aplikasyon ki ranpli yo nan U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

Delè pou ranpli epi remèt aplikasyon pou domaj fizik nan pwopriyete yo se 30 janvye 2024. Delè pou remèt aplikasyon pou domaj ekonomik yo se 3 septanm 2024.

Prezidan Lejislati Konte Clinton, Mark R. Henry, te deklare, "Nou rekonesan dèske Prè nan Ka Katastwòf Administrasyon Ti Biznis sa yo disponib pou rezidan yo ak biznis ki nan Konte Clinton. Evènman inondasyon jiyè yo te devaste anpil moun epi prè sa yo pral kontribiyè anpil nan ede moun ki pa t jwenn asistans FEMA oswa ki pa t gen bon jan kouvèti asirans pou kouvri pèt yo. Konte Clinton trè rekonesan anvè Gouvènè a pou efò li fè nan jwenn asistans federal sa a ak patnè federal nou yo paske yo jere pwogram nan. M ap ankouraje tout moun ki afekte yo pou yo pwofite opòtinite sa a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)